

13 out

Paske, nou konnen byen lè konfyans nou gen nan Bondye a tonbe anba eprèw, sa ba nou pasyans. Men, fòk pasyans sa a fin fè travay li nèt pou nou kapab bon nèt sou tout pwen, byen devlope, san nou pa manke anyen.

Jak 1. 3, 4

Nou konnen lè n ap soufri sa fè nou gen pasyans. Lè nou gen pasyans konsa, sa ba nou kouraj pou nou soufri. Plis nou gen kouraj se plis nou gen espwa. Women 5. 3, 4

Pasyans

An jeneral, yo itilize mo “pasyans” lan pou pale de kapasite yon moun genyen pou li tann : swa nan yon liy machin lè li gen blokis, nan kès lè ou ale labank pou fè yon tranzaksyon, oubyen lè ou ale nan yon sipèmache kote ki gen anpil anpil moun.

Nan pasaj nou sot site piwo a, mo pasyans lan vle di kapasite espirityèl yon kretyen rive genyen pou li travèse moman difisil li va rankontre nan vi kretyèn li sou tè a san li pa dekouraje. Lè yo itilize mo pasyans lan nan sans sa a, paske li fè Senyè a plezi, li menm ki te bay ekzanp yon kwayan pasyan. Nan ka sa a, mo pasyans lan tounen yon vèti ki pa gen anyen pou wè avèk mo fatalis (fatalite), oubyen reziyasyon devan evènman nou pa ka chanje.

Kretyen an kwè eprèw pa rive tankou aza nan lavi li. Li konnen “se Bondye k ap pase l yon tès” (Pwovèb 17. 3). Bondye pèmèt eprèw la pou yon bi byen presi. “Kounye a, lè y ap pini nou, sa yon ti jan vle fè nou plis lapenn pase pou li fè nou kontan. Men, pita, moun ki sòti byen elve apre tout pinisyon sa yo, yo pral mennen yon lavi byen dwat ak kè poze” (Ebre 12. 11). Eprèw nan lavi yon kretyen mezire : li pap depase sa kretyen an ka sipòte (1 Korentyen 10. 13).

Kretyen an dwe pasyan paske li kwè nan Bondye. Li Konnen Bondye li an renmen l, li tou puisan e li saj anpil. Konsa, li aksepté tout difikilte li rankontre sou chemen li san l pa plenyen, li viv yo ak Senyè a, nan soumision ak konfyans, konsa li ka travèse yo avèk serenite.

Zeprev yo se mwayen Bondye itilize souvan pou l fòme pitit li yo, pou li fè yo konnen l pi byen : li se lanmou, sajès, puisans e fidèlite.

13 août

La mise à l'épreuve de votre foi produit la patience. Mais que la patience ait son œuvre parfaite, afin que vous soyez parfaits et accomplis, ne manquant de rien.

Jacques 1. 3, 4

La tribulation produit la patience, la patience l'expérience, et l'expérience l'espérance. Romains 5. 3, 4

La patience

En général, on emploie le mot "patience" pour désigner la capacité de quelqu'un à attendre : que ce soit dans une file de voitures sur une route encombrée, à la caisse du supermarché ; ou son conjoint toujours en retard.

Dans les versets cités, la patience désigne la capacité spirituelle que le chrétien peut acquérir pour traverser paisiblement les moments difficiles, sans se décourager. Quand elle est pratiquée ainsi parce qu'elle plaît au Seigneur qui en a donné l'exemple, la patience devient une vertu qui n'a rien à voir avec le fatalisme ou la résignation devant des événements qu'on ne peut modifier.

Le croyant sait que l'épreuve ne survient pas par hasard : "L'Éternel éprouve les cœurs" (Proverbes 17. 3). Elle est permise par Dieu dans un but bien précis : "Aucune discipline, pour le présent, ne semble être un sujet de joie, mais plutôt de tristesse ; cependant, plus tard, elle rend le fruit paisible de la justice à ceux qui sont exercés par elle" (Hébreux 12. 11). Et l'épreuve est mesurée : elle ne dépassera pas ce que nous pouvons supporter (1 Corinthiens 10. 13).

Le chrétien peut être patient car il se confie en Dieu. Il est aimé par ce Père tout-puissant et parfaitement sage. Alors il accepte sans se plaindre les difficultés qui se présentent à lui. En les vivant avec le Seigneur, dans la soumission et la confiance, il peut les traverser avec sérénité.

L'épreuve est un moyen de formation entre les mains de Dieu pour faire progresser son enfant dans la connaissance de ce qu'il est : amour, sagesse, puissance et fidélité.